



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MIZAJOU KONSÈY POU SEREMONI GRADYASYON AK SEREMONI KÒMANSMAN KARYÈ YO

An vigè apati 1 me, yo pral pèmèt seremoni anndan ak deyò yo ak kapasite limite, tou depann de gwochè evènman ak sit yo

Tout òganizatè ak sit evènman yo soumet ak pwotokòl sante ak sekirite ki strik yo

Konsèy detaye a disponib [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nouvo konsèy ki ajou pou seremoni gradyasyon ak seremoni kòmansman karyè ke lekòl yo, kolèj yo ak inivèsite yo te òganize. An vigè apati 1 me, yo pral pèmèt seremoni gradyasyon ak seremoni kòmansman karyè anndan ak deyò ak kapasite patisipan limite, tou depann de gwochè evènman ak kote a (egzamp, estad, tèren, sit atistik ak divètisman). Tout òganizatè evènman ak sit ki òganize seremoni yo dwe swiv pwotokòl esstriksou sante ak sekirite Eta a, ki gen ladan egzije mask vizaj yo, distans sosyal, depistaj sante ak koleksyon enfòmasyon trasaj kontak. Konsèy detaye pou evènman gradyasyon yo disponib [isit la](#).

"Nou ap apwoche nan fen ane a akademik yon lòt fwa ankò, sa ki vle di nou bezwen règleman strik an plas pou asire seremoni kòmansman karyè yo fèt san danje nan kontèks pandemi kontinyèl la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Avèk plis moun ki pran vaksen chak jou, nou yo, nou toupre limyè nan fen tinèl la, men nou tout bezwen kontinye rete vijilan e mwen mande pou tout moun selebre yon fason entelijan."

Pou evènman ki depase limit rasanbleman sosyal yo ak 100 moun anndan oswa 200 moun deyò, òganizatè ak sit evènman yo dwe avize depatman sante lokal la epi egzije pou patisipan yo montre prèv yon rezulta tès negatif resan oswa prèv vaksinasyon konplè anvan yo antre. Kondisyon sa yo konfòm avèk konsèy Eta a pou lòt aktivite komèsyal ak sosyal ki rasanble, ki gen ladan òganizasyon resepsyon, pèfòmans atistik, ak konpetisyón espòtif yo.

Evènman Deyò yo:

- Seremoni a gran echèl ki gen plis pase 500 moun nan sit deyò yo pral limite a 20 pouzan kapasite, aplikab pou sit ki gen yon kapasite total 2,500 oswa plis moun.

- Seremoni nan echèl mwayen yo ki nan 201-500 moun nan sit deyò yo pral limite a 33 pouzan kapasite.
- Ti seremoni yo ki nan 200 moun oswa 2 patisipan pou chak etidyan nan sit deyò yo pral limite a 50 pouzan kapasite. Prèv rezulta tès negatif resan an oswa prèv vaksinasyon konplè fakiltatif.

Evènman Anndan yo:

- Seremoni a gran echèl ki gen plis pase 150 moun nan sit anndan yo pral limite a 10 pouzan kapasite, aplikab pou sit ki gen yon kapasite total 1,500 oswa plis moun.
- Seremoni nan echèl mwayen yo ki nan 101-150 moun nan sit anndan yo pral limite a 33 pouzan kapasite.
- Ti seremoni yo ki nan 100 moun oswa 2 patisipan pou chak etidyan nan sit anndan yo pral limite a 50 pouzan kapasite. Prèv rezulta tès negatif resan an oswa prèv vaksinasyon konplè fakiltatif.

Anons sa a ajoute sou mezi Gouvènè a pran dènyèman yo pou kontinye re-ouvè ekonomi an nan mitan yon bès konstan nan kantite ka pozitif ak ospitalizasyon COVID-19 nan New York. Gouvènè Cuomo te anonse ke espò pwofesyonèl nan gwo estad deyò yo ki kenbe 10,000 moun oswa plis re-ouvri nan 20 pouzan kapasite sit espò reijonal ki pi piti ki kenbe 1,500 moun anndan oswa 2,500 moun deyò kapab re-ouvri tou, ak yon kapasite inisyal ki limite a 10 pouzan anndan ak 20 pouzan deyò, apati 1 avril. Gouvènè a te anonse tou ssit evènman, atizay ak divètisman yo ka re-ouvri a 33 pouzan kapasite yo, jiska 100 moun alenteryè ak jiska 200 moun deyò apati 2 avril. Anplis de sa, nan dat 15 mas, Gouvènè Cuomo te anonse resepsyon maryaj ak òganizasyon evènman yo te kapab elaji pou pase nan evènman nan pi gwo echèl ki sijè a swiv konsèy Depatman Sante (Department of Health, DOH).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)